



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 7 jiyè 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN \$1.5 MILYON KI DISPONIB ATRAVÈ PWOGRAM NITRISYON MACHE AGRIKÒL SENYÒ A

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse y ap distribye \$1.5 milyon sou fòm chèk mache agrikòl atravè eta a nan kad Pwogram Nitrisyon Mache Agrikòl Senyò a. Pwogram nan ki te posib grasa bourad lajan USDA Food and Nutrition Service la, founi kanè chèk ki vo \$20 pou Nouyòkè 60 lane ak pi granmoun ki gen ti revni pou yo ka achte fwi ak legim lokal fre. Nan kominote nan nò yo, pral gen chèk nan Area Agencies on Aging konte yo. Nan Vil New York, ap gen chèk nan kote yo bay manje kolektif NYC Department for the Aging la chwazi yo, ansanm ak nan Commodity Supplemental Food Programs kap fonksyone atravè Depatman Sante Eta a.

“Lè nou bay senyò ki gen ti revni mwayen pou yo achte manje lokal fre, n ap bay plizyè milye Nouyòkè kapasite pou mennen yon vi pi sen an menm tan n ap sipòte mache agrikòl lokal atravè eta a,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen fyè pou m mete ak asosye federal nou yo pou fè pwogram sa reyisi, epi m ankouraje tout Nouyòkè ki kalifye pou yo vizite yon mache agrikòl tou pre yo pandan ete a.”

Gen chèk pou Nouyòkè ti salè ki gen 60 lane ak plis, ki gen yon rantre \$1.800 oswa pi piti chak mwa pou yon moun oswa \$2.426 chak mwa pou yon koup. Pwogram lan ba yo mwayen pou yo achte fwi ak legim fre ki soti kay agrikiltè lokal kap vann nan mache agrikòl kominote yo.

Y ap fè distribisyon plis pase 100.000 ti liv ki gen ladan senk chèk \$4,00 dola, epi moun yo kapab itilize yo pou achte fwi ak legim fre lokal nan men 950 kiltivatè k ap vann nan 500 mache kiltivatè nan eta a. Pwogram nan anba kontwòl Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York, nan tèt ansanm avèk Biwo Eta New York pou Granmoun Aje, Depatman Vil New York pou Granmoun Aje ak Depatman Sante Eta New York. Moun yo kapab itilize chèk yo nan mache kiltivatè patisipan yo jouk nan dat 30 novanm 2014.

Benefisyè kalifye yo fèt pou yo genyen 60 lane ak plis epi reponn ak egzijans kalifikasyon, oswa konfime y ap resevwa pou kounye a oswa kalifye pou resevwa youn nan avantaj sa yo:

- Supplemental Security Income (SSI)
- Asistans piblik oswa sibvansyon lojman Seksyon 8.
- Benefisyè pa ka resevwa chèk FMNP ki soti lòt kote.

Komisyonè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te di konsa, “Antanke yon agrikiltè ki patisipe nan maketin dirèk nan mache agrikòl, mwen se premye temwen enpòtans Farmers’ Market Nutrition Program lan pou ankouraje manje ki bon pou sante. Chèk sa yo ede ogmante aktivite ekonomik nan mache agrikòl, pou ede operasyon agrikiltè lokal epi po prezante pwodi agrikòl kalite siperyè bay plizyè milye Nouyòkè.”

Corinda Crossdale, Direktè New York Office for the Aging lan te di konsa, “Fwi ak legim fre esansyèl nan yon rejim ki bon pou sante pou Nouyòkè granmoun. Koupon Mache Agrikòl Senyò yo bay yon ankourajman pou moun ki kalifye rantrè fwi ak legim lokal fre nan rejim yo pandan y ap sipòte agrikiltè lokal yo. Li ankouraje yo tou ale nan kominote a pou rankontre vwazen pandan y ap achte nan Mache Agrikòl lokal yo. M ankouraje moun ki kalifye pou yo kontakte [county Office for the Aging](#) pou konnen si gen koupon Mache Agrikòl Senyò.”

Komisyonè New York Office of Temporary and Disability Assistance Kristin M. Proud te di konsa, “Senyò ki gen ti revni pral gen plis posiblite pou yo achte lè y ap fè pwovizyon nan mache agrikòl yo, sa kap pèmèt yo manje sa ki bon pou sante yo ak fwi ak legim fre nan rejim yo. M ankouraje Nouyòkè kalifye pou yo itilize Pwogram Nitrisyon Mache Agrikòl yo epi soti ale vizite mache lokal yo.”

Komisyonè Enterim Sante Eta a, Howard Zucker, M.D., J.D. te di konsa, “Pwogram Nitrisyon Mache Agrikòl Senyò a bay granmoun Nouyòkè posiblite pou yo chwazi manje lokal bon mache ki bon pou sante. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou plis opsyon li bay pou Nouyòkè jwenn manje ki bon pou sante yo.”

Senatè Gillibrand, premye Nouyòkè ki te syeje nan Komite Agrikilti Sena a pandan yon 40 lane, te di konsa, “Investisman sa pral ede anpil nan garanti plis sitwayen senyò jwenn manje fre nitritif pandan n ap remanbre bay agrikilti lokal ak rejyonal nou an. Mache agrikòl atravè eta a se yon bèl fason pou senyò jwi pwodi fre lokal bon mache anmenm tan n ap sipòte kominote agrikòl nou an.”

Kongrèsman Chris Gibson te di konsa, “Antanke yon manm Komite Agrikòl Chanm Reprezantan yo ak yon defansè dyanm Older Americans Act la, ki finanse Area Agencies on Aging yo, sa fè m anpil plezi pou m sipòte pwogram sa. Plis fasilite pou jwenn manje lokal kore agrikiltè lokal nou yo epi ranfòse kominote anmenm tan gen plis opsyon nitritif pou senyò nan eta nou an.”

Kongrèsman Sean Patrick Maloney te di konsa, “Ak douzèn mache agrikòl atravè Hudson Valley a, tèt kole enpòtan sa investi nan ekonomi nou an, kore agrikiltè lokal nou yo, epi bay senyò nou yo fwi ak legim fre ki bon pou sante.”

Yo pral mete nan chak kanè chèch yon ti pòch ki gen enstriksyon sou jan ak kote yo ka itilize chèk yo pou achte fwi ak legim fre ki soti kay agrikiltè sou mache a.

Pou jwenn yon lis mache agrikòl atravè eta a, tanpri ale sou www.data.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE